


# Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Awewe  
di Sumur



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Lazarus, Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: Ruth Klassen

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.


Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak  
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.




Yesus jeung murid-murid-Na keur ngumbara ngaliwatan tanah Samaria. Aranjeunna sumping ka hiji kota anu kasebat Sikhar.



Di dinya aya hiji sumur, tempat urang Sikar  
ngala cai ngingum. Yakub, bapa urang Israil,  
geus lila ngali sumur.




Pasosoré harita teh caraang sarta panas. Karaos cape, Yésus calik di sisi sumur bari murid-murid indit ka Sikhar rék meuli dahareun.





Yesus nyalira -  
mung teu lami.  
Aya saurang  
awewe anu cicing  
di Sikhar datang  
ngala cai. "Pasihan  
abdi inuman," saur  
Yesus ka anjeunna.





Eta awéwé teh reuwas.  
"Kumaha anjeun teh,  
salaku urang Yahudi,  
maenya menta ngingum  
ka Kami, urang  
Samaria?" saur  
manéhna. Jaman  
harita, urang Yahudi  
teu aya hubunganana  
jeung urang Samaria!





Anjeunna malah leuwih  
reuwaseun nalika Yesus  
ngadawuh, "Lamun  
maraneh nyaho saha  
ieu Kami teh, tangtu  
maraneh moal teu menta  
ka Kami cai hirup."





Ceuk eta awewe ka  
Yesus, "Juragan,  
Anjeun teu gaduh naon-  
naon, sareng sumur teh  
jero. Ti mana Anjeun  
meunangkeun eta cai  
hirup? Naha Anjeun teh  
langkung ageung ti bapa  
kami, Yakub, anu masihan  
sumur ka kami...?"







"Sing saha anu ngingum cai ieu bakal halabhab deui," saur Yesus ka eta awewe. "Tapi sakur anu ngingum cai anu ku Kami bakal pasihan ka anjeunna moal halabhab." "Pak, pasihan abdi eta cai teh..." ceuk eta awéwé.




Yesus miwarang eta awewe teh sina nyalukan salakina. "Abdi teu gaduh salaki," walon éta awewe. "Anjeun geus boga lima salaki," saur Yesus. "Sareng anu ayeuna anjeun gaduh sanés salaki anjeun."




Eta awewe ngaku yen Yesus teh nabi. Manéhna nyoba ngelehkeun Anjeunna ku patarosan ngeunaan dimana kedah ibadah ka Gusti teh: Yerusalem atanapi gunung suci urang Samaria. Yésus nyarios yén anu nyembah sajati mah nyembah ka Bapa ku roh jeung bebeneran.



"Kuring terang yen Al Masih teh bakal sumping," ceuk awewe eta ka Yesus. "Lamun Anjeunna sumping, Anjeunna bakal ngabejaan urang sagala hal." "Kuring anu nyarios ka anjeun nyaéta Anjeunna," saur Yesus ka anjeunna. Teu lila, murid-murid mulang. Awéwé éta ninggalkeun pot caina anu mahal kacida di sisi sumur, tuluy balik ka kota.






"Hayu, tingali  
aya hiji Lalaki  
anu nyarioskeun  
sagala hal anu  
kuring kantos  
lakukeun," saur  
awéwé éta ka  
lalaki Sikhar.  
"Naha ieu teh  
Kristus?"  
Jalma-jalma  
kaluar ti kota  
rék ningali  
Yesus sorangan.



Samentara éta, murid-murid  
nitah Yesus dahar. Tapi saur  
Yesus, "Kadaharan Kami  
nyaéta ngalaksanakeun  
pangersa Anjeunna anu  
ngutus Kami, sareng  
ngaréngsékeun padamelan-  
Na." Tugasna nyaéta  
mawa jalma ka Allah.



Seueur urang Samaria anu palercaya ka Anjeunna ku sabab omongan eta awewe. Maranehna menta ka Yesus pikeun tetep jeung maranehna; lajeng Anjeunna aya dua poé mondok di dinya. Loba deui



anu percaya lantaran cariosan Yesus sorangan. Ceuk maranehna, "... Kami geus uninga sorangan sarta nyaho yen ieu memang Kristus, Jurusalamet dunya."





Awewe di Sumur


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Yohanes 4

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





| 47

||||| 60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

